



## Fèy Enfòmasyon: Vanjans ki Baze sou Egzèsis Dwa nan Travay Se yon Zak ki Illegal

Ajans federal ki responsab pou aplike dwa travayè yo ap chèche pwoteje tout travayè kont eksplwatasyon ak vyolasyon, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo. Men, anpil travayè dekouraje oswa jwenn anpèchman pou yo egzèse dwa yo nan travay la paske yo pè pou patwon yo fè vanjans kont yo. Nan kèk ka, patwon yo ka eksplwate kondisyon imigrasyon travayè pou dekouraje yo egzèse dwa yo. Anjeneral, lwa Etazini entèdi patwon yo fè vanjans kont travayè yo poutèt yo egzèse dwa yo nan travay yo, kèlkeswa kondisyon imigrasyon travayè yo. Aplikasyon efikas dwa travayè-yo ak dwa travay entèdi patwon ak lot moun pou pran vanjans kont yon travayè poutèt li potè plent pou diskriminasyon, li tè patisipè nan yon ankèt, oubyen li pa dako ak pratik diskriminatwa. Fèy enfomasyon sa endikè vanjans kont travayè ki egzèse dwa yo nan travay la se yon zak ki illegal, kèlkeswa kondisyon imgrasyon travayè yo.

### Vanjans Anba Lwa sou Prensip Travay Onèt (Fair Labor Standards Act)

Lwa sou Prensip Travay Onèt (Fair Labor Standards Act, FLSA) detèmine pwoteksyon sale minimom ak travay siplemantè pou anpil travayè nan Lamerik, epitou se Divizyon Salè ak Orè Travay (Wage and Hour Division) Depatman Travay Etazini (U.S. Department of Labor) ki aplike lwa a. FLSA entèdi vanjans tou kont nenpòt moun ki depoze yon plent nan Depatman an oswa ba yon patwon (aloral oswa alekri) oswa ki kolabore avèk yon ankèt FLSA. Yon priyорite enpòtan pou Divizyon Salè ak Orè Travay se pwoteje travayè yo kont vanjans epi asire ke yo pa anba menas oswa kraponay poutèt yo egzèse dwa yo.

Travayè ki pa gen otorizasyon pou yo travay gen dwa pou touche salè minimòm nan ak salè pou travay siplemantè yo fè anba FLSA nan menm degre avèk lòt travayè yo. Li illegal pou yon patwon revoke travayè yo oswa fè diskriminasyon kont yo nan nenpòt mannyè nan vanjans poutèt travayè yo reklame salè minimòm oswa salè pou travay siplemantè (ki kapab gen ladan pwoblèm salè kòm dediksyon oswa poubwa) oswa poutèt travayè yo kolabore nan yon ankèt FLSA. Pwoteksyon sa yo aplike kèlkeswa kondisyon imigrasyon travayè yo. Pa egzanp, li ta illegal pou yon patwon rapòte yon travayè ki pa gen papye imigrasyon ba otorite imigrasyon pou li vanje poutèt travayè a depoze yon reklamasyon salè. Kèk rekou pou vyolasyon avèk vanjans ka limite pou travayè ki pa gen otorizasyon pou yo travay.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri gade Divizyon Salè ak Orè Travay [Fèy Enfòmasyon #77A: Entèdiksyon pou Vanjans Anba FLSA](#) oswa ale sou sitwèb Divizyon Salè ak Orè Travay: <http://www.wagehour.dol.gov>. Pou depoze yon plent konsènan vyolasyon salè oswa vanjans, rele liy enfòmasyon ak liy èd gratis, ki disponib ant 8 a.m. ak 5 p.m. nan lè zòn ou, 1-866-4USWAGE (1-866-487-9243). Gen sèvis lang ki disponib epitou koutfil yo konfidansyèl.

## **Vanjans Anba Lwa Administrasyon Sekirité ak Santè nan Travay (Occupational Safety and Health Administration) aplike**

Administrasyon Sekirité ak Santè nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) Depatman Travay Etazini aplike prensip ak règleman sou sekirite ak sante nan travay ak lòt dwa travayè yo anba Lwa sou Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health, OSH). Lwa OSH entèdi patwon yo fè vanjans kont anplwaye yo poutèt anplwaye yo egzèse dwa yo anba lwa OSH. Kèk nan dwa sa yo dwa pou depoze yon plent nan OSHA, dwa pou patisipe nan yon enspeksyon oswa dwa pou pale avèk yon enspektè, dwa pou jwenn aksè nan dosye patwon an pou anplwaye ki ekspoze nan danje ak anplwaye ki pran chòk, dwa pou rapòte yon chòk, epitou dwa pou fè yon plent sou sekirite oswa sante ba patwon an. Li ilegal pou yon patwon revoke travayè yo pou yo fè vanjans kont travayè yo poutèt travayè yo depoze reklamasyon dapre Lwa OSH oswa poutèt yo kolabore nan yon ankèt OSHA, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo. Answit, OSHA aplike dispozisyon 21 lòt lwa konsènan denonsyatè ki pwoteje anplwaye ki denonse vyalasyon ki asosye avèk sekirite anviwònman ak sekirite nikleyè, endistri transpò, ak pwoteksyon konsomatè ak envestisè. Travayè ki pa gen otorizasyon pou yo travay pwoteje anba dispozisyon anti-vanjans OSHA aplike, menmsi ka gen kèk limit sou rekou ki disponib pou yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb OSHA: <http://www.whistleblowers.gov> (also available nan lang Panyòl sou sitwèb [http://www.whistleblowers.gov/index\\_sp.html](http://www.whistleblowers.gov/index_sp.html)). Pou depoze yon plent konsènan sekirite nan travay, tanpri ale sou sitwèb:

<http://www.osha.gov/pls/osha7/eComplaintForm.html> (ki disponib nan lang Panyòl tou sou sitwèb [http://www.osha.gov/pls/osha7/ecomplaintform\\_sp.html](http://www.osha.gov/pls/osha7/ecomplaintform_sp.html)); pou depoze yon plent konsènan vanjans, tanpri ale sou sitwèb: [http://www.whistleblowers.gov/complaint\\_page.html](http://www.whistleblowers.gov/complaint_page.html) (ki disponib nan lang Panyòl tou sou sitwèb [http://www.whistleblowers.gov/complaint\\_page\\_sp.html](http://www.whistleblowers.gov/complaint_page_sp.html)).

## **Vanjans Kontraktè Federal Anba Lwa Opòtinite Travay Egalego Biwo Pwogram Konfòmite avèk Kontra Federal (Office of Federal Contract Compliance Programs) Depatman Travay (Department of Labor) Aplike**

Biwo Pwogram Konfòmite avèk Kontra Federal (Office of Federal Contract Compliance Programs, OFCCP) aplike lwa ki entèdi kontraktè federal yo (konpayi k ap fè biznis avèk Gouvènman federal) fè diskriminasyon nan travay akòz ras, koulè, reliyon, sèks (ansanm ak gwo sès ak pwoblèm medikal ki asosye), idantite seksyèl (tankou kondisyon transjan), preferans seksyèl, peyi kote moun sot, andikap oswa kondisyon kòm yon veteran pwoteje. Tout lwa sa yo OFCCP aplike yo konsidere li ilegal pou revoke moun (moun ki aplike pou travay, anplwaye oswa ansyen anplwaye), degrade yo, asele ye, oswa fè vanjans kont yo paske yo te depoze plent pou diskriminasyon ba OFCCP, paske yo te depoze plent ba patwon yo oswa ba lòt moun konsènan diskriminasyon nan djòb la, oswa paske yo te patisipe nan nenpòt aktivite ki gen pou wè ak administrasyon lwa OFCCP aplike (tankou ankèt sou yon plent oswa evalyasyon konfòmite kontraktè) oswa nan nenpòt aktivite ki gen pou wè ak administrasyon nenpòt lòt lwa federal, lwa leta oswa lwa lokal ki egzije pou gen opòtinite travay egalego. Vanjans ilegal anba lwa OFCCP aplike yo ka gen ladan nenpòt konduit ki ta ka byen dekouraje yon travayè rezonab pou li depoze plent pou diskriminasyon. Lwa sa yo aplike pou tout moun, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, menmsi kèk rekou ka limite pou travayè ki pa gen otorizasyon pou yo travay.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb OFCCP: <http://www.dol.gov/ofccp> oswa rele liy Sèvis Èd gratis nan nimewo 1-800-397-6251. Pou depoze yon plent pou diskriminasyon oswa vanjans, ranpli fòm plent lan. Li disponib nan anpil lang, sou sitwèb OFCCP.

**Vanjans Anba Tit VII Lwa konsènan Dwa Sivil (Civil Rights Act), Lwa konsènan Salè Egalego (Equal Pay Act), Lwa kont Diskriminasyon nan Travay akòz Laj (Age Discrimination in Employment Act), Lwa anfavè Ameriken Andikape (Americans with Disabilities Act), ak Lwa kont Diskriminasyon akòz Enfòmasyon Jenetik (Genetic Information Nondiscrimination Act)**

Komisyon pou Opòtinite Travay Egalego (Equal Employment Opportunity Commission, EEOC) aplike lwa ki entèdi patwon yo, ajans plasman nan travay yo oswa sendika yo fè diskriminasyon nan travay akòz ras, koulè, reliyon, sèks (tankou gwochè ak pwoblèm medikaman asosye, idantite seksyèl [tankou kondisyon transjan] ak preferans seksyèl), peyi kote moun soti, laj (40 tan oswa plis), andikap oswa enfòmasyon jenetik. Tout lwa sa yo EEOC aplike yo konsidere li ilegal pou revoke moun (moun ki aplike pou travay, anplwaye oswa ansyen anplwaye), degrade yo, asele yo, oswa fè vanjans kont yo paske yo tè depozè akizasyon pou diskriminasyon ba EEOC, paske yo te depoze plent ba patwon yo oswa ba lòt ajans konsène poutèt yo patwon yo te fè diskriminasyon nan djòb la, oswa paske yo te patisipe nan nenpòt pwosedì konsènan diskriminasyon nan travay (tankou yon ankèt oswa yon pwosè). Vanjans ilegal anba lwa EEOC aplike yo ka gen ladan nenpòt konduit ki ta ka byen dekouraje yon travayè rezonab pou li depoze plent pou diskriminasyon. Lwa sa yo aplike pou tout moun, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, menmsi kèk rekou ka limite pou travayè ki pa gen otorizasyon pou yo travay.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb EEOC: <http://www.eeoc.gov>. Pou depoze yon akizasyon diskriminasyon oswa vanjans ou ta dwe kontakte biwo EEOC ki pi pre ou oswa ou ta dwe rele nimewo 1-800-669-4000. Answit, ou kapab ranpli yon evalyasyon sou entènèt sou sitwèb <http://www.eeoc.gov/employees/howtofile.cfm>.

**Vanjans Anba Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay**

Komisyon Nasional Relasyon Travay (National Labor Relations Board, NLRB) aplike Lwa Nasional sou Relasyon Travay (National Labor Relations Act, NLRA), ki pwoteje dwa travayè pifò sektè prive a pou yo fòme yon òganizasyon travayè (sendika), pou yo antre nan youn, pou yo soti nan yon sendika oswa pou yon ede youn, epitou pou yo negosye angwoup avèk patwon yo avèk èd reprezantan yo chwazi, oswa pou yo pa patisipe nan aktivite sa yo. Anplwaye yo ka fòme yon òganizasyon tou pou yo amelyore relasyon ak kondisyon travay yo san yon sendika. Lalwa entèdi patwon yo pou yo jennen anplwaye yo lè anplwaye yo ap egzèse dwa yo pou yo fòme yon sendika, pou yo antre nan youn oswa pou yo ede youn pou negosyasyon angwoup avèk patwon yo, oswa pou yo travay ansanm pou amelyore relasyon ak kondisyon travay yo, oswa lalwa entèdi patwon yo pou yo bloke nenpòt aktivite konsa. Menm jan tou, sendika yo pa ka jennen anplwaye yo lè anplwaye yo ap egzèse dwa sa yo.

Travayè ki pa gen otorizasyon pou travay gen pwoteksyon avèk NLRA, ansanm avèk pwoteksyon kont vanjans. Men, re-integrasyon ak aryere salè pa disponib kòm solisyon legal pou anplwaye ki pa gen otorizasyon pou yo travay. Gade seksyon ki anba la a, *Èske Travayè Ki Pa Gen Otorizasyon pou yo Travay Gen Dwa pou Touche Aryere Salè?*

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb NLRB: <http://www.nlrb.gov>. Pou depoze yon akizasyon konsènan vyolasyon oswa vanjans kont yon patwon oswa yon sendika, ou gen yon kantite posiblite. Ou k rele liy enfòmasyon gratis la nan nimewo 1-866 667-NLRB (6572), k ap transfere ou ba biwo filyal NLRB lokal. Ou ka ale nan yon biwo filyal NLRB lokal tou pandan lè biwo louvri oswa ou ka imèl yon akizasyon ba yon biwo filyal NLRB lokal. Ou kapab jwenn yon anyè biwo filyal NLRB ki gen enfòmasyon pou pran kontak ak lè fonksyònman an sou sitwèb <https://www.nlrb.gov/who-we-are/regional-offices>, ak fòm pou depoze akizasyon yo sou sitwèb <https://www.nlrb.gov/resources/forms>. Ou ka depoze yon akizasyon sou fòm elektwonik sou sitwèb NLRB nan <https://apps.nlrb.gov/eservice/efileterm.aspx?app=chargeandpetition>

## **Vanjans Anba Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (Immigration and Nationality Act) ak Sèten Pwogram Viza Non-Imigran**

Biwo Konseye Espesyal (Office of Special Counsel, OSC) pou Pratik Travay Malonèt nan Afè Imigrasyon nan Divizyon Dwa Sivil (Civil Rights Division) Depatman Lajistis Etazini (U.S. Department of Justice) aplike dispozisyon kont diskriminasyon Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (Immigration and Nationality Act, INA). Dispozisyon sa a entèdi patwon yo fè diskriminasyon nan anbochaj, revokasyon oswa rekritman oswa referans pou yon frè ki baze sou sitwayènto oswa kondisyon imigrasyon; li entèdi patwon ki tonbe deyò jiridiksyon EEOC fè diskriminasyon nan anbochaj, revokasyon oswa rekritman oswa referans pou frè ki baze sou peyi kote anplwaye a soti; li entèdi patwon yo fè diskriminasyon nan pwosesis pou verifye kalifikasyon yon travayè pou li travay (Fòm I-9 ak pwosesis E-Verify) ki baze sou peyi kote anplwaye a soti oswa ki baze sou kondisyon imigrasyon li; epitou li entèdi patwon yo fè vanjans oswa kraponay kont moun ki depoze akizasyon nan OSC, ki kolabore avèk yon ankèt OSC, ki konteste aksyon ki ka vyole lalwa, oswa k ap egzèse dwa yo sou non yo oswa sou non lòt moun anba dispozisyon INA kont diskriminasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Liy Dirèk Travayè OSC nan nimewo 1-800-255-7688, ant 9 a.m. ak 5 p.m., Lè Zòn Lès (TTY pou moun ki mal pou tande: 1-800-237-2515). Moun ki rele yo pa bezwen di non yo epitou gen sèvis lang ki disponib. Ou kapab ale sou sitwèb <http://www.justice.gov/crt/about/osc> tou pou jwenn plis enfòmasyon sou OSC ak sou lwa l ap aplike a. Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou depoze yon akizasyon, ale sou sitwèb <http://www.justice.gov/crt/filing-charge>.

Divizyon Salè ak Orè Travay (Wage and Hour Division) Depatman Travay (Department of Labor) aplike pwoteksyon travayè yo nan pwogram viza non-imigran H-1B (travayè pou yon ti tan ki gen anpil ladrès), H-2A (travayè agrikòl pou yon ti tan), ak H-2B (travayè non-agrikòl pou yon ti tan). Anjeneral, patwon travayè H-2A ak travayè H-2B yo pa ka fè kraponay, menas, restriksyon, presyon, mete sou lis nwa, revokasyon, oswa diskriminasyon nan okenn mannyè kont nenpòt moun ki te depoze yon plent, ki te bay temwayaj oswa ki pral bay temwayaj nan yon pwosedi, ki te chita pale avèk yon avoka oswa yon pwogram èd legal, oswa ki te egzèse oswa aplike nenpòt dwa oswa pwoteksyon anba pwogram sa yo oswa INA sou non li oswa sou non lòt moun. Patwon yo pa ka fè vanjans oswa yo pa ka fè diskriminasyon kont travayè H-1B ki denonse vyolasyon yo oswa ki kolabore nan pwosedi konsènan si patwon an konfòme li avèk pwogram nan.

Pou depoze yon plent konsènan vanjans nan pwogram viza non-imigran, rele liy enfòmasyon ak liy èd gratis, ki disponib ant 8 a.m. ak 5 p.m. nan lè zòn ou, 1-866-4USWAGE (1-866-487-9243). Gen sèvis lang ki disponib epitou koutfil yo konfidansyèl.

### **Èske Travayè Ki Pa Gen Otorizasyon Pou Travay Gen Dwa pou Touche Aryere Salè?**

Anjeneral, "aryere" salè gen de kategori salè pa èdtan ladan: (a) salè pa èdtan ou touche pou travay travayè fè, ak (b) salè pa èdtan yo akòde ou pou travay travayè te ka fè si patwon an pa t revoke li ilegalman. Travayè ki pa gen otorizasyon pou yo travay toujou gen dwa pou premye kategori aryere salè a, oswa pou salè yo touche pou travay yo fè, epitou yo toujou gen dwa pou sèten lòt rekou jan sa apwopriye anba dwa travayè yo ak dwa travay.

Gen kèk limit sou dezyèm kategori aryere salè a, oswa salè pa èdtan pou travayè ki pa gen otorizasyon pou travay anrapò avèk travay yo te fè. Tribunal Siprèm Etazini te pran yon desizyon nan *Hoffman Plastic Compounds, Inc. kont NLRB*, 535 U.S. 137 (2002). Dapre desizyon sa a, NLRB pa kapab akòde aryere salè ba yon travayè ki pa gen otorizasyon pou travay epi ki te jwenn revokasyon li ilegalman nan vanjans patwon an fè kont li poutèt li patisipe nan yon kanpay pou òganize sendika pou travay travayè a te ka si patwon an pa t revoke li ilegalman. Men, si yon travayè ki gen otorizasyon pou travay jwenn revokasyon li ilegalman,

anjeneral nou kapab akòde aryere salè pou travayè sa a pou travay li te ka fè si patwon an pa t revoke li. Yon travayè toujou gen dwa pou touche pou travay li fè toutbon, kèlkeswa kondisyon imigrasyon li.

Pou jwenn enfòmasyon siplemantè sou rekou yo, tanpri gadè :

Memorandòm Konseye Jeneral NLRB:

- [GC 15-03](#) Pwosedi Modifye nan Rezoud Pwoblèm Kondisyon Imigrasyon ki Prezante Pandan Pwosedi sou Pratik Travay Malonèt
- [GC 98-15](#) Rekou pou Re-Entegrasyon ak Aryere Salè pou Anplwaye ki Viktim Diskriminasyon Ki Ka Se Etranje ki Pa Gen Papye Imigrasyon Dapre Dènye Rekou Komisyon an ak Tribunal
- [GC 02-06](#) Pwosedi ak Rekou pou Anplwaye ki Viktim Diskriminasyon Ki Ka Se Etranje ki Pa Gen Papye Imigrasyon apre *Hoffman Plastic Compounds, Inc.*

Depatman Travay Etazini, Divizyon Salè ak Orè [Fèy Enfòmasyon #48: Aplikasyon Dwa Travayè Etazini pou Travayè Imigran yo: Efè desizyon Hoffman Plastics sou lwa Divizyon Salè ak Orè Travay aplike](#)

Dat Dènye Mizajou: 10 Desanm 2015